

6Gx50
Chapit 2. Administrasyon Jeneral
Seksyon 2.122

Règleman 2.122 Libète Relijyez

- A. Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Rejyon Palm Beach rekonèt tout anplwaye ak elèv gen dwa pou pratike relijyon yo libreman ak angaje yo nan aktivite relijyez yo sou lè pa yo, andeyò aktivite ak fonksyon lekòl. Pou kapab asire libète relijyez pou tout moun, Konsèy Administrasyon an pa kapab ni andose, sipòte finansyèman, oswa patisipe aktivman nan aktivite relijyez. Li pa dwe ni ostil ni anfavè kèlkeswa relijyon an, malgre li dwe, si posib, akomode pratik relijyez ak kwayans tout anplwaye ak elèv li yo.
- B. Prensip netralite sou relijyon sa a pa ta dwe fè moun konprann se yon mesaj ankourajman oswa dezapwobasyon distri a ap voye vizavi kèlkeswa relijyon oswa òganizasyon relijyez yo, oswa sa yo ki pa genyen okenn kwayans relijyez.
- C. Dapre prensip netralite relijyez sa a, anplwaye distri yo pa kapab, nan kad pouvwa ofisyèl yo genyen kòm komite:
 - 1. Ankouraje ni dekouraje patisipasyon elèv nan aktivite relijyez, klib, edikasyon oswa sèvis;
 - 2. Ankouraje ni dezapwouve kèlkeswa relijyon oswa kwayans relijyez la; oswa
 - 3. Garanti oswa refize bay kèlkeswa nòt, onè, oswa lòt merite kòm rekonesans sou baz preferans oswa mank enterè relijyez yon elèv.
- D. Akòz relasyon espesyal yo genyen avèk elèv yo, administratè lekòl yo ak pwofesè yo dwe toujou veye sou wòl y ap jwe a pou pa itilize pozisyon yo pou ankouraje oswa dekouraje kèlkeswa relijyon oswa kwayans relijyez la. Yo pa dwe itilize lokal oswa pwopriyete lekòl yo nan okenn fason ki kab fè moun panse Distri a ap apiye oswa dezapwouve yon relijyon oswa yon kwayans relijyez kèlkonk.
- E. Okenn fòm ekspresyon relijyez oswa anti relijyez vle di yon kèlkonk aktivite ki ilegal oswa ki entewonp materyèlman ak fondamantalman bon dewoulman nòmal aktivite edikatif k ap fèt lekòl la.

OTORITE LEGAL: § 230.23(17); 230.23005; Fla. Stat.

LWA ANVIGÈ: U.S. CONST., amend. I; The Civil Rights Act of 1964 ("Title VII") § 703(a)(1), as amended by The Civil Rights Act of 1991, 42 U.S.C. § 2000e(a)(1); § 761.03, Fla. Stat.; 29 C.F.R. § 1605

DOSYE ISTORIK: 21/4/99